

Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

LÈT OUVÈ DIREKTÈ BIDJÈ ETA NEW YORK A, ROBERT MUJICA TE PIBLIYE KONSÈNAN AMAZON

“Menm jan tout nan eta a yo, si se pa menm tout moun nan peyi a, te deja konnen, Amazon te anile plan yo te genyen pou yo mete dezyèm syèj prensipal yo a (HQ2) nan Eta New York. Se yon trè grand pèt pou Nouyòkè yo epi mwen swete ke ominimòm, nou konprann leson nou te aprann yo.

Pandan 23 zan depi m ap travay nan Kapitòl Eta a, twa zan antanke Direktè Bidjè, Amazon, te sèl pi gran opòtinite pou devlopman ekonomik nou te ka genyen. Amazon te chwazi New York ak Virginia apre yon konpetisyon nasyonal yo te fè pandan ennan, kote 234 vil ak eta te konvwate 25,000-40,000 djòb. Pou nou bay yon lide de echèl pwojè a, lòt pi gran pwojè devlopman eta te fè te kreye apeprè 1,000 djòb. Pandan semèn ki sot pase a, moun ap plede mande m kisa ki te detui akò Amazon lan. Te gen plizyè faktè.

Premyèman, kèk sendika te tante eksplwate antre Amazon nan New York. Sendika RWDSU a te entèrese òganize travayè makèt Whole Foods yo, ki se yon filyè Amazon genyen, epi yo te deplwaye plizyè òganizasyon kominotè (ke RWDSU finanse) pou yo opoze a tranzaksyon Amazon lan kòm yon mwayen pou enfliyanse negosyasyon an. Yo te echwe. Okòmansman, makèt Whole Foods la pa te gen anyen pou yo te wè ak tranzaksyon an. Se yon konpayi separe. Byenke Amazon pa gen yon mendèv sendike, Amazon te dakò pou yo kreye travay nan sektè konstriksyon ak sektè sèvis yo ki t ap bay 11,000 pòs travay sendikal.

Eta New York la gen plis pwoteksyon legal an favè travayè pase tout lòt eta nan peyi a. Pou sendikalize travayè Amazon lan yo, oswa travayè Whole Foods la yo, oswa travayè nan nenpòt lòt konpayi menm, li t ap pi bon si nou pèmèt yo enstale isit la epi fè yon efò pou sendikalize travayè yo, olye nou fè sendikalizasyon vin yon obligasyon pou pèmèt yo antre. Si New York sèlman pèmèt konpayi ki sendikalize yo antre, ekonomi nou an pap dirab, epi si yon sendika vin ènmi lòt sendika yo, tout mouvman sendika nèt - ki deja an deklèn an - ap afebli ak andomaje.

Dezyèmman, kèk politisyen nan Queens t ap chache satisfè fòs politik lokal ki piti men ki trè vokal ki te opoze a ensitasyon gouvènman te bay Amazon lan yo epi yo te karakterize yo kòm asistans sosyal pou konpayi a, sa yo ‘antrepriz parazit’ la. Malerezman, pifò opozisyon ki te vizib onivo ‘lokal’, ki te byen kontan pou yo parèt nan konferans près epi manifeste nan odyans Konsèy Minisipal la t ap fè pandan lè ouvrab yo, te òganizate aktyalite ke yon sendika te peye: Sendika Magazen Vant an Detay, an Gwo ak Gran Magazen an (Retail, Wholesale and Department Store Union, RWDSU). (Si w mande tèt ou si sa menm legal, petèt li gendwa pa menm legal.) Menm pi iwonikman ankò, menm fonksyonè eli sa yo, tout te siyen yon lèt pou yo sipòte

Amazon vin nan lokalite Long Island la epi yo te sipòte aplikasyon yo an. Yo tout te an favè pwojè a avan Twitter te konvenk yo pou yo vin kont li.

Byenke toujou genyen opozisyon onivo lokal, nan ka sa a, yo te fèl l nan yo lòt nivo. Sena Eta a te transfere otorite pou pran desizyon an bay yon Senatè lokal, epi li menm, apre li te fin sipòte pwojè Amazon lan avan, kounye a li kategorikman kont pwojè a, epi li menm rekòmande pou yo nonme l nan Komite Eta a mete sou pye pou apwouve finansman pwojè a. Amazon te asime ke nominasyon ostil sa a te kondane pwojè a pou l pa te vanse. Li evidan ke Gouvènè pa t ap janm apwouve yon nominasyon yo deziyen ki kont pwojè a epi Gouvènè te di Amazon sa dirèkteman tou. Kidonk, kesyon ki vin enpòtan pou Amazon se si Sena pral nonmine yon lòt moun ki pral apwouve pwojè a.

Yon journal te rapòte ke Amazon te rele Lidè Sena a epi yo te mande si yo t ap nonmine yon lòt moun yo deziyen ki ta sipòte pwojè a. Sena a refize pran angajman an favè nominasyon yon lòt moun k ap sipòte Amazon. Se te dènye kou ki te pou touye koukou a. Pa gen okenn konpayi rasyonèl, oswa yon moun rasyonèl menm, k ap asime ke Sena a pral chanje lide pou yo pa nonme yon opozan fèvan pwojè a an favè yon patizan pwojè a. Sa defye lojik. Toutfw, se te plan sa yo te genyen, Amazon te bezwen yon deklarasyon dirèk nan sans sa nan men Sena a. Yo pa te janm jwenn li. Anfèt, jiskaprezan, Sena a pa janm di yo pral nonme yon manm ki ta sipòte pwojè a. Konpayi yo sipoze gen yon konpòtman rasyonèl, lojik epi yo paka pèdi plizyè mwa ak anpil milyon dola nan pwosesis apwobasyon si alafen negosyasyon yo ap mennen nan yon enpas.

Anplis de sa, opozisyon a Amazon lan pa menm bon politik, jan politisyen yo te aprann depi lè Amazon fin retire kò yo a. Yo te vin kòm moun ki fin atenn objektif yo, men ki toujou pa konn kisa pou yo fè. Kounye a, yo dezespere epi yo ap vrèman eseye eksplike aksyon yo. Yo pa kapab. Y ap eseye jistifye chanjman lide yo sou kesyon an avèk fo akizasyon ke se te yon 'antant sekrè'. Ann sonje ke kòm yon kondisyon konpetisyon an, yo te cache chak òf yo anba so pou anpeche gouvènman yo chanje òf yo te fin fè yo pou yo te ka pi konpetitif. Empire State Development (ESD) te sipòte anpil aplikasyon lokal nan eta a ki te vle depoze òf pou HQ2 vin nan lokalite yo, men a kondisyon ke fonksyonè eli lokal yo ak kominote a te sipòte pwojè a tou, epi Vil Long Island pa te yon eksepsyon.

Pandan nou t ap travay ak Vil New York, nou te vanse aplikasyon Vil Long Island lan avèk sipò fonksyonè eli lokal yo te siyen, pami yo Senatè Eta a Mike Gianaris ak Manm Konsèy Minisipal Vil New York Jimmy Van Bramer. Ni Gianaris ni Van Bramer, yo toude te chanje lide apre yo te fin chwazi Vil Long Island, kote yo te defòme fè yo epi yo te bay move reprezantasyon sou sibvansyon taks yo, epi yo te trete yo kòm 'don lajan kach'. Kounye a la, Amazon retire kò yo, politisyen lokal yo santi reyaksyon brital sipòte pwojè a ki silansye avan yo akoz retrè pwojè, epi yo ap fè rize. Senatè lokal ki afime ke yo pa te retounen yo apèl telefonik yo te fè yo patikilyèman chokan, paske senatè lokal la te avèk premye moun ke Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ESD a, Howard Zensky te rankontre lè nou te fè anons HQ2 a. Mwen te rete an kontak tou ak li konsènan pwojè a antanke Direktè Bidjè a, epi li te refize chita nan konsèy administrasyon angajman kominotè a oswa menm rankontre ak reprezantan Amazon

lan yo. Yo te fè efò pou yo te rezoud preyokipasyon lejitim yo te genyen yo, men yo te inyore tout efò.

Twazyèmman, apre kou a, Eta ak Vil la te ka fè plis efò pou yo pi byen kominike fè sou pwojè a yo epi korije movez reprezantasyon yo nan fason ki pi agresiv. Nou te asime ke avantaj yo evidan. 25,000-40,000 djòb k ap sitiye nan yon pati nan Queens ki pa te wè okenn devlopman komèsyal siyifikatif depi plizyè deseni, ak yon trè gran pa vè lavan nan sektè teknoloji a, sa ki t ap plis divèsifye ekonomi nou an lwen sektè finans Wall Street la ak Sektè Imobilye a (Real Estate). Sondaj yo montre ke swasantdis pousan Nouyòkè te sipòte Amazon, sa ki te bay fo zespwa ke pwosesis politik la t ap aji nan fason responsab epi onon tout elektè yo, pa sèlman minorite vokal la. Nou te souzestime efè movez reprezantasyon opozisyon an yo epi nou te sirestime entelijans ak entegrite fonksyonè eli lokal yo.

Enkwayabman, mwen te tande fonksyonè eli vil ak eta a ki te opoze pwojè a afime ke Amazon t ap resewa 3 milya dola nan sibvansyon leta, ke yo ta ka pi byen itilize pou finanse lojman ak transpò pito. Pawòl sa yo se swa yon manti flagran oswa inyorans fondamantal matematik debaz yon gwoup fonksyonè eli. Vil la ak eta pa 'te bay' Amazon anyen. Amazon te pral konstwi syèj prensipal li a ak djòb sendika epi yo t ap peye vil la ak eta a 27 milya dola nan revni. Vil la menm, atravè kredi taks yo deja genyen dedwa, epi eta a atravè pwogram Kredi Taks Excelsior la (Excelsior Tax credits) - ki se yon pwogram menm lejislètè ki elve kont li yo te apwouve - pral ofri jiska 3 milya dola nan soulajman fiskal, Si Amazon te kreye 25,000-40,000 djòb epi nan konsa yo te jenere 27 milya dola nan revni an. Ou pa bezwen yon Direktè Bidjè Eta a pou w konnen ke yon pwofi nèf sou en sou investisman w lan se yon gen.

Swasantdis pousan Nouyòkè ki te sipòte Amazon lan yo epi kounye a k ap montre kòlè yo dwe asime yon pati nan responsablite a tou epi yo dwe aprann ke majorite silansye a pa dwe rete silans paske y ap pèdi fas a minorite vokal la ak politisyen ki sousye de pwòp enterè pèsonel yo.

Nou te fè yon erè paske nou te jere kesyon sa a kòm si se te yon prewogativ politik yon sèl lejislètè pou yon kesyon lokal. Pwojè a pa te yon pano siyalizasyon oswa yon pwoblèm zonaj lokal. Pwojè Amazon lan nou pèdi a pap mal pou Konte Queens lan sèlman, li fè tout Eta a nèt mal, soti Long Island pase nan koridò nanoteknoloji Rejyon Kapital la rive nan izin Panasonic genyen nan Buffalo a, epi se te yon move reflè pou chak grenn fonksyonè eli lokal yo. Lejislètè yo dwe reyalize ke gen yon diferans ant jwe politik ak gouvènè nan fason responsab.

Politik ak estrateji politik pwogresiv yo te yon pwèn makan administrasyon Gouvènè Cuomo a. Pa gen okenn eta nan peyi a ki gen plis akonplisman pwogresif pase nou, epi antanke eta ki pi pwogresif nan peyi a, sa vle di nou gen pwoteksyon ak politik ki pi estrik ak pi agresiv ki an plas. Nou fyè paske prensip nou yo kreye yon anviwònman travay ki pi solid, pi sanitè ak pi ekita, men nou pa dwe twonpe nou de fason yo afekte kapasite konpetitif nou yo lè biznis ap konsidere kote pou yo lokalize yo. Nou fyè tou de investisman san presedan nou ap fè nan edikasyon, swen sante, enfrastrikti ak lojman yo, men pou nou ka finanse yo, nou bezwen yon baz fiskal dirab.

Pandan deba politik la ap fè raj nan peyi nou an, Gouvènè a te raple nou lefèt ke 'pou nou pwogresif fòk gen pwogrè'. Kreyasyon opòtinite ak djòb se motè ki rale tren an epi jan li konn di souvan tou, 'yon pòs travay rete pi meyè pwogram sosyal ki ta ka genyen'. San yon baz fiskal, nou pap finansyèman an mezi pou nou atenn objektif louwab n ap chache atenn yo.

Pinga nou twonpe nou, enfendkont, nou pèdi 27 milya dola, 25,000-40,000 djòb ak yon move kou nan repitasyon nou genyen antanke yon kote ki 'ouvè pou biznis'. Sendika ki te opoze pwojè a pa jwenn anyen epi li koute lòt manm sendika yo 11,000 bon jan djòb ki byen peye. Politisyen lokal ki te fè pati opozisyon ipèpolitik la yo te fè pwòp kòlèg yo nan gouvènman ak enterè ekonomik tout elektè nan distri yo a mal. Vrè rezidan lokal ki te aktyèlman sipòte pwojè a ak avantaj li t ap pote pou kominote a yo sibi yon move kou. Nou pa te jwenn anyen men nou te pèdi anpil. Sa pa dwe janm rive ankò".

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)